



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU LAKOU SIPRÈM ETAZINI KI
REFIZE APÈL KONSÈNAN LIMIT SOU DEDIKSYON FEDERAL POU TAKS ETA AK
LOKAL YO**

"Sa gen kat ane, ansyen Prezidan Trump ak yon Kongrè Repibliken yo kontwole te lanse yon atak ekonomik kont Nouyòkè yo. Plan fiskal yo a te ofri gwo kado bay gwo antrepriz yo, pandan yo te ogmante taks sou fanmi yo nan klas mwayèn nan isit la nan New York. Malgre desizyon Tribinal Siprèm Etazini an fè mwen desi, mwen pa kapab sispann batay pou fanmi New York yo ak soulajman fiskal yo merite. Se poutèt sa mwen te akselere rediksyon taks pou klas mwayèn nou an, te pwopoze yon gwo rabè sou taks fonsye epi te prezante yon sispansyon taks sou gaz nan dènye bidjè eta ki adopte a.

Dirijan yo nan Mezon Blanch ak Kongrè a gen pouvwa pou defèt domaj plan fiskal Repibliken an te lakòz epi retabli tout dediksyon SALT (Taks Eta ak Lokal) la pou ede Nouyòkè yo nan klas mwayèn nan. Avèk kou yo k ap monte ak Nouyòkè yo k ap souffri, mwen ankouraje lidè nou yo nan Washington pou yo rezoud pwoblèm ekonomik enpòtan sa osito sa posib."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)